



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



22 Fevriye 2021

Nou Salye tout Anplwaye, Fanmi, ak Gadyen/Siveyan nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange yo,

Sante, sekrite, ak byennèt nan kominate lekòl nou an se pi gwo priyorté Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon an, fakilte yo, ak anplwaye nou yo nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan. Distri a gen règleman an plas pou adrese byennèt tout elèv ak anplwaye yo. Règleman 8451 an adrese Kontwòl Maladi Transmisib yo. Kòm yon distri, n'ap kontinye kontwole avètisman/alèt yo k'ap soti Depatman Edikasyon New Jersey, Depatman Sante nan New Jersey, ak Sant pou Kontwòl Maladi yo toulède lokalman ak nasionalman.

**Madi 8 Septanm 2020 an, nou te kòmanse ane a nan Faz 1 - yon espas vityèl ak adistans pou toulède anplwaye ak elèv yo.** Senkronik, nan moman sa a, nan te bay ansèyman ak aprantisaj pandan tout jounen an (8:30 AM - 12:30 PM). Orè biwo yo ak ansèyman ti gwoup yo te fèt kòmanse nan 1:00 PM pou fini apre 3:00 PM nan tout distri a.

Sa ki annapre yo se te aspè nan Faz 1 yo:

- ✓ Lekòl yo te entansifye fòmasyon pou anplwaye, paran, ak elèv yo ki te konsantre sou platfòm dijital kit e apwouve
- ✓ Pwofesè yo te revize konpetans ak konesans ki pi kritik pou chak matyè ak nivo klas yo avèk elèv yo
- ✓ Pwofesè yo te evalye aprantisaj fini elèv yo pou yo te bay sipò avèk akselerasyon
- ✓ Lekòl yo te entegre pwogram chòk enfòme / SEL nan pwogram enstriksyon tradisyonal yo
- ✓ Lekòl yo te distribye resous ansèyman esansyèl ke pwofesè yo dwe genyen lakay yo selon nivo klas yo
- ✓ Lekòl yo te distribye materyèl "ekri an lèt detache" ke elèv yo bezwen pou ansèyman lakay yo
- ✓ Lekòl yo te distribye materyèl endividiyèl pou itilizasyon elèv yo (manipilatif, founiti atizay, materyèl laboratwa syans / STEM, plak pwotèj figi), kòmande plis pwovizyon pase nòmal
- ✓ Lekòl yo te devlope orè ansèyman senkwonik vityèl adistans
- ✓ Distri a te apwovizyon tout lekòl yo ak biwo distri yo avèk materyèl PPE ak sekrite alè

**Lendi 5 Oktòb 2020 an, distri a te kòmanse avèk Faz 2 (Ansèyman Senkwonik Vityèl Adistans) a kote anplwaye yo te retounen sou plas epi elèv yo te rete nan enstriksyon vityèl adistans.** Nan Faz 2 Ansèyman Senkwonik la, pwofesè yo te rapòte sou plas 2 jou pa semèn pou bay enstriksyon senkwonik vityèl adistans nan espas salklas yo kit e deziyen yo. Anplwaye sipò yo (*Konsèy Akademik, CST, pwofesyonèl sèvis ki gen rapò yo, travayè sosyal yo, prezans ofisyè yo*), enfimyè, kowòdonatè teknoloji, ak sekretè yo te sou plas 4 jou pa semèn. Yo te itilize Kamera/Webcam yo pandan enstriksyon pou elèv k'ap aprann lakay yo. Pwofesè yo te rapòte sou plas pou tout longè jounen lekòl la. Anplwaye te kontinye swiv orè pou planifikasyon tan ankommen yo (devlopman pwofesyonèl) ak lòt orè planifikasyon.

**Kòmanse depi Lendi 22 Fevriye 2021 an, Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan, apre diskisyon avèk ofisyèl sante yo, ap pwolonje Faz 2 Ansèyman Senkwonik Vityèl Adistans yo sou Kesyon Plan pou Retounen nan Lekòl.** Yon lòt ankò, sante ak sekrite tout elèv ak anplwaye yo se priyorté prensipal konsènan desizyon sa a. Sa ki vin annapre a se orè konsènan faz yo jiska fen ane lekòl la. Si ta gen nenpòt chanjman ki fèt, tout fanmi ak anplwaye yo ap resevwa ase avi/avètisman sou rezon planifikasyon an.

**Nouvo delè pou Faz 2 ak Faz 4 yo (Kòmanse/Efektif: 22 Fevriye 2021)**

- Kontinyasyon Faz 2 a jiska 16 Avril 2021: **Lekòl yo ap louvri de jou pa semèn avèk Direktè, Asistan Direktè / Dwaven Elèv yo ak sekretè k'ap rapòte sou plas pou kenbe fidelite ak kontinwite pwogram lan. Biwo Santral la ap louvri 4 jou pa semèn. Remake byen: Direktè Depatman yo ap diskite sou orè espesyal pa yo avèk ekip yo. Remak Espesyal: Kowòdonatè Teknoloji ak administrate tès pou elèv ki nan Sèvis Espesyal yo ap resevwa orè pou sipò andedan distri a k'ap soti nan biwo sipèvizè imedyat yo.**

- **Semèn 12 Avril la, pwofesè ak anplwaye sipò yo pral rapòte nan biling yo pou preprasyon zòn yo annatandan elèv yo rive 19 Avril 2021.**
- **Faz 4 la, 19 Avril 2021 - 24 Jen 2021: Tout anplwaye ak elèv yo ap retounen nan yon anviwònman ibrid (konbine aprantisaj sou plas ak aprantisaj vityèl adistans) ak orè limite ki repati.**

Menn si nou toujou ap navige nan "nouvo nòmal" nou an, anplwaye yo kontinye travay sere sere avèk elèv yo. Anplis de sa, pwofesè yo kontinye travay ansanm avèk kòlèg yo pou asire ke senaryo enstriksyon yo prezante bay elèv yo diferan, vize, ak entansyonèl. Atravè opòtinite devlopman pwofesyonèl ak kolaborasyon, pwofesè yo prepare pou edike elèv nou yo nan espas vityèl sa a.

Pandan tout ane sa a, imèl [reopeningofschools@orange.k12.nj.us](mailto:reopeningofschools@orange.k12.nj.us) la ap rete entak pou ka reponn kesyon ke ou ka gen pandan eksperyans inik sa a. Pandan ke repos imel yo souvan retounen nan kèk èdtan lè yo voye yo, tanpri ba nou anviwon 24 èdtan pou nou reponn imèl ou yo. Li trè enpòtan pou nou kenbe anplwaye ak fanmi yo enfòme, patikilyèman pandan moman sa yo.

Nou sètènman nan sa nou a ansanm. Mwen gen konfyans ke nou pral kontinye travèse yon santye difisil ki ranpli avèk siksè ak akonplisman pandan tout ane lekòl sa a ak apre.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo